

FOKIS GWOUP PÈCH MACHANN ABRICO

Dat fokis gwoup la fèt: 30/01/18

Dat transkripsyon an kòmanse e fini: 30/01/18-

*Lis patisipan*

Emile Juliette ; Fi ; 73 ane; 3 ; Machann pwason, kiltivatè; 26; Elemantè2; 3449 3982

Degan Rosnik; Fi; 32 ane; 2; Machann pwason, kiltivatè; 21; 6èm ane fondamantal; 4741 3120

Georges Sedrine; Fi; 50 ane; 8; Machann pwason; 17; o; o

Laguerre Fleurise; Fi; 50 ane; 7; Machann pwason, kiltivatè; 31; 0; 3887 2435

Merisma Asseline; Fi; 26 ane; 1; Machann pwason, kiltivatè; 20; Reto; 4822 0740

Pierre Louis marie claud; Fi; 40 ane; 5; Sara, machann pwason, kiltivatè ;5 ; Elemantè1 ; 0

Herard Mesline ; Fi ; 42 ane ; 5 ; Machann pwason, Kiltivatè; 15; mwayen1; 0

Ladouceur Cloreze; Fi; 31 ane; 2; Machann pwason; 19; 0; 3602 7617

Mystere marie Melise; Fi; 39 ane; 8; Machann pwason; kiltivatè, elvaj; 16; 7èm segondè; 3918  
6213

Laforet Dorselie; Fi; 40 ane; 5; Machann pwason, kiltivatè; 18; 0; 4740 9065

## ENTWODIKSYON

Tim: **Stwi li konm diw**, se pa se pa kòm si nou sèvi **a** non'w men pou nou ka konnen aprè nou pran tout nou etidye'l nou mete' l nan yon rapò. **Paske tout pawòl ou bay nou**, nou sèvi avèk li pou nou kab pi byen konprann sistèm pèch isit, sistèm mache, pou nou ka fè rapò, pou nou kap bay konsè avèk patwon yo nan nan HEKS/EPER . **Eee** madame Gana ap esplike'w pi byen egzakteman avèk kiyès nou travay **epi** sa nap fè la **a**.

Gana: Bonjour mèdam.

Piblik: Bonjour

Gana: kouman nou ye ?

Piblik: Nou la

Gana: Dakò gendwa genyen ki konnen'm paske mwen'm pase nan mache a avèk EPER. Mwen menm mwen rele Gana, m'ap travay nan HEKS/EPER. Epi'n gen 2 zanmi sa yo ki avè nou kap travay pou yon bureau d'étude<sup>i</sup> kote ke yap etudier<sup>ii</sup> yap gade yap pran enfòmasyon sou lapèch, sou moun kap vann pwason eksetera. Donk nou menm nou vin la a, nou envite nou se a titre d'information<sup>iii</sup> Se pou'n kapab ba nou enfòmasyon nou kwè ke nou envite nou. Paske nou konnen si nap pale avèk moun kap peche pwason, machann yo se yon eleman enpòtan lye tou nan peche pwason. Paske si pa gen machann pou vann pwason pwason an pap gen enpòtans vrèman nou konprann ? Se nan sans sa nou se reyini avèk nou la maten an ok pou'n kapab **eee** diskite avèk nou fè yon ti pale avèk nou sou aktivite ke nou menm nap fè antanke machann kap vann pwason dakò. Donk enfòmasyon, tout enfòmasyon **ke** nou pral pran la yo menm siw wè'n pran non'w yo pa gen rapò avèk non'w vrèman. Se pou'n te ka identifiye'w nan **eee** ke nou kapab pèmèt nou identifiye'w paske nap anregistre konvèzasyon an ok. Lap pèmèt ou identifiye e sak fè nou pa menm bezwen non'w yo bay nou chak la yon nimewo, si se mimewo 15 **kap** pale lap jis di nimewo 15 epi lap kòmanse pale, li pap bezwen di li rele entèl l'ap pale nou konprann ? Se konsal ye se konsa tout moun ki gen nimewo yo yap jis site nimewo lan epi di saw gen pou di an, donk ou pa bezwen... Se pa yon bagay nou bezwen pou'n di se entèl ki di se entèl ki pat di ou konprann ? Sa pa ladanl du tout<sup>iv</sup> Nou jis bezwen ban nou nimewo'w pou'n ka plis konnen men ki nimewo kite pale pou'n ka alèz pou'n jwenn enfòmasyon nan men'w dakò?

Natacha: Alò mwen di tout moun bonswa.

Piiblik: Bonswa.

**Natacha:** Non pa'm se natacha m'ap travay nan yon òganisasyon ki rele SOCIO-DIG ki afilye ak Tim. Alò nou menm **kisa nou fè ? nou fè** ankèt ki se rechèch **alò** nou fè rechèch nan tout domèn **nan tout etik, men** jodi a nou vini nan abricot avèk HEKS/EPER, nap fè yon rechèch sou pechè savledi pwason **moun kap peche pwason** nou te gentan fini pale avèk yo kounya nap pale avèk moun ki vanm pwason an, kouman sa ye **pou li** . Alò nou menm se chèche nap chèche enfòmasyon pou'n konn kòman sa ye. Mesye sa a se Tim li pale kreyòl tout sa nou di'l lap konprann epi li menm **tou** lap pale ansanm avèk nou. Tout sa nou di'l lap konprann tou epi nap avanse. **M'byen** kontan ansanm avèk nou epi m di nou mèsi pou prezans nou.

**Piblik: Mèsi.**

**Natacha : Tim.**

Tim: **Ok** m'di nou bonswa.

Piiblik: Bonswa.

Tim : Epi medam yo gentan esplike tout **m'panse epi** nap jis fè yon ti pale pou nou ka pi byen konprann sistèm mache a, ki pwoblèm ki genyen, kisa ki bon, kote **ee ki kote** nou vann plis epi map kite madam Gana kòmanse a **ak kesyon** . Ou vle kòmanse, ou vlem kòmanse ?

Gana: Pa gen pwoblèm **map** kòmanse.

**Natacha: Kòmanse Tim ?**

Gana: Map kòmanse

[ Banm al pran yon chèz **pou ou** ]

Tim : Wap kòmanse?

Gana: Wi

Tim: Ou mèt kòmanse

Gana: Dakò, medam sa ki pi enpòtan pou nou, nou ta renmen genyen enfòmasyon, kòm nou gen enfòmasyon deja nou konnen ke anpil nan nou la se mè de fami pa vre? E nou gen enfòmasyon tou ki di ke nou gen yon lòt aktivite tou, nou pral fon ti pale plis sou sa tou men avan mwen ta renmen konnen kòmsi pwiske nou tout ap vann pwason ki kote kòmsi **ki kote** kouman nou te fè kòmanse avèk aktivite pwason an. Premye bagay mwen ta renmen konnen

kouman nou te fè kòmanse avèk aktivite pwason paske nou chak di nou te nan yon lòt domèn pa vre. Ki kote nou te kòmanse, kouman nou te fè kòmanse avèk aktivite pwason, aktivite vann pwason ?

#18: Pwason an nou te konn vann pwason

Gana: Ki nimewo'w ?

#18: Nimewo 18, Lèn te konn van pwason nou te gen mari nou ki te konn peche nan bwawon. Apre sa li pote pwason ban nou pou nou vann pwason, apre sa yo vin voye yo vin fè òganizasyon pechè abricò kounye a yo mete machann, kounye a moun tout gwo machann yo kòmanse achte pwason, kounye a yal vann nan lòt mache gende fwa yal vann jeremi, gende fwa yal vann abricò, gende fwa yal vann pòtoprens, kounye a nou toujou antre nan machann pwason, kounye a e lè pwason an kanpe kounye a nou pran lòt aktivite nachte bannann, nachte fig nou fè diri, nachte komès diri nou vann poun ka jwenn pou'n bay timoun yo apresya ankò lè lanmè gwo nou pa jwenn anyen nou chak achte pou'l nou fè tout bagay pou nou vann.

Tim: Men ou di ou konn al pòtoprens ?

#18: Wi.

Tim: Vann pwason ?

#18: Wi

Tim: Ou menm ?

#18: Wi lè gen anpil pwason

Tim: Se sèch ou byen?

#18: Pwason chèch lè semèn sent [Tim: Dakò lè semèn sent n'al vann pwason pòtoprens].

Tim: Ok ! epi madam ou menm ki nimewo'w ye 15?

**5 Minit**

Tim: E ou menm **madam ki nimewo'w 15**

**#15: 15**

**#18: Pam nan 18**

Tim: Ou se 18, 15 kijan ou te kòmanse nan pwason ?

#15: Wi se janm dam nan di a, se mari **nou** ki te konn peche lè'l al nan lanmè li pote nou nal vann nan mache, jiska lè yo vin mete fòm asosiyasyon sa yo vin mande pou 40 machann. Nan 40 machann sa nou fòm 40 machann a 60 pechè nan asosiyasyon an, kounya tout machann met tèt yo ansanm lè pechè yo vin ale yo vin ba yo chaloup, yo vin ba yo motè, kounye a lè yo vin ale yo vin mete DCP pou yo, lè yo vin mete tout bagay sa yo kounye a lavi a kòmmanse chanjman pou nou pase nou vin jwenn plis pwason sou mache a pou'n vann.

Tim: Èske gen moun ki pa nan asosiyasyon an kòm si machann bò isit ki pa nan asosiyasyon ?

# 15: Wi gen machann ki pa ladanl, pase si asosiyasyon paka pran tou kalite moun.

Tim: Paka pran tout moun, tout kalite moun?

# 15: Gende lè moun nan gendwa vann pwason, pwason maril pote.

Natacha: Men nou tout ki la a nou nan asosiyasyon ?

Piblik: Wi.

Tim: Gen yon lim

[M'ka reponn ou pase moun sa yo pa nan asosiyasyon[ ri ]

Tim: Ok e ou menm 16?

#16: Mwen menm 16 m'nan asosiyasyon savledi, m'gendwa machann, machann sa a transpòte pwason banm mwen jeremi, m'vann gende lè m'fè pwason chèch m'al vann pòwoprens, savledi se nan vil jeremi an m'vann tout pwason fè tout aktivite pwason an.

Tim: Menm se sèch?

#16: Non vèt , m'vann vèt m'vann sèch tou.

Tim: Ok.

Gana: Savledi pwason an fre, pwason fre?

#16: Wi pwason fre, savledi lè'n pa finn vann nou metel nan glas.

#15: E sam ta pral di wi, gende moman lè kannòt la vini aswè solèy kouche

Tim: Ou mete nan glas ou mete nan iglou ?

#16: Wi nan iglou, **apresa nou kraze glas** la nou mete sou li nou mete'l nan iglou.

#15 : Wi nou pa gen bagay pou nou kiltivel, nou konn sale yo.

#16: lè fini nachte glas nou kraze sou li, li ka rete.

#15: Lèn pa gen glas poun mete sou yo nou sale yo ak sèl kounye a nou cheche apre gen mache nou rele kalèn gen lòt mache na nal vann.

Tim: Mache ka..

#15: Kalèn.

Tim: Kòmanl rele ?

#15: Kalèn.

Tim: Kalèn.

Gana: Kalèn nan ki kotel ye?

Tim: Wal an bis ò a pye?

Piblik: Abrico

Piblik: A pye, moto

#16: A pye nale

#16: Dèfwa n pran moto

Tim: Konbyen tan li pran pou rive a pye ?

#16: Ou pa fè anpil tan

[Ou fè Inèd tan]

Tim: Inèd tan ?

Gana: Menm se toujou sou seksyon abrico ?

Piblik: Wi abrico

#15: E la'n fè mache lè lendi.

[Dezyèm seksyon toujou]

#15: Mache lendi se isit nou fèl.

Tim: Ok e ou menm ?

#17: Ebyen m'leve depim leve m'jwenn marim ap peche.

Tim: 17 ?

Piblik: Nimewo 17.

#17: Kounya la menm li pot pwason vini, mwen vann pwason epi m' vin antre nan òganisasyon machann pwason epi mwen vann pwason, machte mwen chèche mal vann jeremi, machte vèt mwen vann na mache isi a nan mache kalèn isi a, m'tout kote lè pa gen pwason machte kokoye, machte bannann mal vann jeremi tout bagay.

Tim: Apre pwason kisa ki pi **enpòtan** pou vann bò isit ?

#17: M'vann diri pa sak...

Piblik: Diri, lwil, magi ti bagay sa yo ou gendwa achte bannann nan an gwo tou ou rekase 'l

#17: Tankou mwen menm se madan sara m'ye m'konn achte kokoye bannann m'al vann pòwoprens.

Piblik: Pi rantab **isi a pi rantab** kòb la se pwason donk si pa gen pwason.

Tim: Pwason ki pi rantab apre pwason?

Gana: Ok, èske mari nou tout la ki la se machann pwason ?

Piblik: Wi marim e pechè.

Gana: savledi mari nou tout se pechè ?

**Piblik: Wi**

#17: Men e pa nan men mari nou sèlman nachte, nachte nan menm lòt moun.

Tim: Wachte nan menm lòt moun tou ?

**Piblik: Wi**

Tim: Kiyès nan men lòt ki kiyès **ki lòt moun wachte** ?

Piblik: Lòt pechè kal peche, moun ki nan òganisasyon an yo konn pot pwason.

Tim: Menm siw pa konnen, kòm si se pa pitit ou, pa frè'w, èske lap vann **avèw menm** si li pa mariw, li ka vann **avèw?**

**Piblik: Wi, wi..**

Tim: Li ka vann avèw jis paske e siw pa rekonèt li ou menm, èske li ka vann avèw?

Piblik: Wi, fòw gen la nouriti nan menw, fòw gen kòb, fòw gen lajan.

Tim: Fòw gen kòb?

Piblik: Wi, fòw gen kòb nan men'w pou'w achte paske yo pap vann ou kredi, siw pa gen kòb nan men yo pap vann ou kredi.

Tim: Èske yon fi ka sot yon lòt kote vin isit achte alèz, kòm si yon fi andeyò?

Piblik: Wi yo konn vin achte nan menn, lè nachte an gwo, anpil pwason se yo menm ki vin ranfò, se yo ki vin pranl nan men'n pou yal vann nan lòt mache.

Gana: Men gen yon bagay m'ta renmen konnen nou di ke ee bò isit lan, ki kote nou jwenn plis pwason? Èske se bò isit lan ou byen'n konn la lòt kote pou nal achte pwason ?

Piblik: Non bò isi a nachte sèlman, la'n rete sèlman, kannòt yo ka sot lòt kote, yo antre isi a yo vin vann, nachte.

Gana: Men nou pa konn deplase al achte pwason lòt kote?

Piblik: Non [Tim grate gòj li]

#17: Kannòt yo konn al peche ansdeno tou, yo pote, yo vin van avè'n.

Gana: Èske komès pwason an gen anpil benefis?

Piblik: E selon lè sa bon, e tout bagay , yo vann li chè tou , gende lè nou vann li menm kòb la ou paka fè.

Gana: Ebyen nap di youn apre lòt, paske chak moun gen esperyans li nan vann pwason, mwen ta renmen youn apre lòt, chak moun di kòm si li menm si komès pwason an gen benefis pou li ? Nap kòmanse avèk nimewo 16 la ?

#16: Wi komès pwason an gen benefis pou mwen.

Gana: Komès pwason an gen benefis?

### 10Minit

Gana: Ann kontinye ann kontinye youn apre lòt medam. nimewo 5 lan mwen ta renmen'l reponn mwen?



#5: Komès pwason gen benefis lè sa bon, men gende lè tou wachte'l ou gendwa pa menm ka fè lajan wachte'l la menm e ou menm ki pran kòb pòw pechè a pa pral rekonèt ou pou'l vann èskew ka pot bout lajan ba li, lè gen lavant ou vann ni, ou ka fè yon bout 100goud, yon bout 200 goud konsa tou'w ka fè yon bout 1000 goud tou men si pa gen lavant nan menw, li ret nan menw li pa vann pwason ap antre pwason ap antre se defisi ki nan kòw. Se kòb pòw ou pral pran pou'w peye pechè ou pa rekonèt la wi, men siw pa genyen ditou, pechè a pap janm tann ou non.

Natacha: Tankou la mari nou peche pwason epi li mennen bak la, noumenm nou pran kivèt nou nale pran pwason an ?

Piblik: Wi.

Natacha: Epi nou menm nale nan mache nou vann li ?

Piblik: Wi.

Natacha: Men e jou mari nou pa jwenn anyen nan lanmè a ?

Piblik: Nachte nan men lòt pechè, nou ale nachte nan men lòt.

Natacha: Nou ale nachte nan men lòt moun ?

Tim: Men fòw gen kòb, mariw ap baw kredi?

Piblik: Wi fòw gen kòb, paske gende lè moun nan soti sen jis, li soti loko, yo soti yo soti dejèn, yo soti lòt kote yo pap vin baw kredi yo pa rekonèt ou

Natacha: Men nou vann tout pwason?

Piblik: Tout kalite nèt

Tim: Ok, pale Gana pase la. W'ap poze kesyon ankò?

Gana: Wi, men nou fè m'bezwen konnen èske yo fè lòt komès, ki lòt komès yo fè plis stab **apre** komès pwason an? Paske Komès pwason an mwen fini pa konprann ke se yon komès ki stab paske nou toujou fè sa sa se afè pa nou .

Piblik: Wi

Gana: Men ki lòt komès nou genyen ki stab tankou nou konnen menm si nou nan mache nap vann pwason nou konnen nou gen lòt komès ?

#5: M'vann diri m'vann sik.

## Gana: Nimewo 5

#5: M'vann lwil se komès estab mwen li ye.

Tim: Ou toujou vann li ?

#5: Wi.

Tim: Ou vann li dèyè kay la tou ?

#5: Wi, lakay mwen vann li nan mache m'vann li, leswa pa gen pwason se li ki vrèman biznis mwen.

Tim: Ok

#5: Depi pa gen pwason e lam fè 50 goud mwen.

Tim: Se sa kap ba ou chak jou ?

#5: Wi, chak jou.

Tim: E ou menm ki nimewo'w ye ankò ?

#21: 21.

Tim: Ou gen yon lòt biznis ?

#21: Wi m konn vann gaz.

Tim: Ou vann gaz ?

#21: Wi mkonn diri.

Tim: ou toujou vann gaz ? sim al lakay kounye a mwen bezwen gaz wap genyen ?

#21: Wi m'gen lakay mwen la siw ale wap jwenn.

Tim: Diri ?

#21: [ri, wi mgenyen]

Tim: E ou menm ?

#20: Mwen menm m'konn vann kleren.

Tim: Nimewo kisa ?

#20: Nimewo 20

Tim: Nimewo 20 ou vann klerin ?

#20: AK lèt, ti ronm, [ Gen yon moun ki touse] Lè konsa nachtel jeremi, pou'n vin vann isit

Tim: Wachte pa galon ?

#20: Wi

Tim: E ou menm ki nimewo'w ye ankò ?

#31: 31.

Tim: 31.

#31: Mwen menm sam vann mwen menm map met moun mwenm menm, map pase moun nan tenten e lèm achte ti kal pwason nan men machann yo, gende fwa, mache'l mwen boule solèy la pou initil mwen pa fè yon goud, aprè lèm pa fè yon goud, gen ki joure'm genyen ki di vye pawòl, mwen oblige mwen wè e lam ka viv, mwen kenbe, m'kenbe, m'kenbe pou'm viv la

Tim: Ok, menw pa gen yon lòt bagay ou vann stab?

#31: Non.

Tim: Ok, e ou menm 19 ?

#19: Sèl pwason an.

#36: Mwen menm mwen konn al achte doum, ti doum lwil yo, m'konk achte an gwo m'vini m'vann, m'detaye'l, m'vann ba machann.

Natacha: Nan ki peryòd nou vann pwason an nou santi nou fè benefis e nan ki peryòd tou nou konn achte li ret nan menm nou li gaspiye nou fè defisi ?

Piblik: Lè gen anpil, lè pa genyen.

Natacha: Nan ki epòk ki gen anpil pwason?

Piblik: Nan peryòd sa, tankou kounya pa genyen sou jwenn yon pwason kounya wap fè benefis ladan'l, mwa sa e mwa fredri pa genyen'l, depi gen la w'ap fè yon bon ti lajan ladan'l, ou pwal jwenn an mwa mas, ou pral nan karèm ou pap jwenn anyen.

Tim: Ok, ann fin ak sa di 16, ou gen yon bagay ou vann stab apa de... ?

#16: Mwen estab lèm pa jwenn pwason frèch la e pwason sèch m'vann

Tim: Sa se afè...

Gana: Savledi sèl pwason an ?

Piblik: Wi sèl pwason an

Tim: Ok e ou menm 18 ?

#18: Mwen menm pwason an lèm pa jwenn pwason an mal achte poul m'vin vann mache kawòt, mache chou m'vin vann lèm pa gen ankò m'pa jwenn pwason, m'fè manje kwit m'vann.

Tim: Men ou di w al achte savledi wal achte kòmsi .. ?

Piblik: Lal jeremi

Tim: Epiw tounen avèl.

#18: Wi.

Tim: Men kounye gen pafwa ou pa gen anyen pou'w pote?

#18: Wi lèm prale m'pa pot anyen annik tou peye moto achte mal achte pou'm vin vann bò isit lan

Tim: Ok, men lè yo gen pwason, lè yo al achte al vann pwason jeremi oubyen pòwoprens ou toujou achte lòt bagay pou'w tounen ankò ?

#18: Wi lè map tounen lèm sot jeremi pòtoprens mache diri ,mache lwil, mache chou,mache kawòt, mache tout bagay yon moun ka vann poum vann epi pou'm fè lòt lajan paske nan lajan m'genyen an, si'm pa genyen.

Tim: Ok, 15

#15: Wi, mwen menm paka rete de bwa pandye li mèt yon sak chabon m'achte pou'm mete paske depi pa gen pwason fòm gen yon bagay ak kisa pou'm bay timoun yo yon pen lem maten

Tim: Wachte chabon wal avèl ?

#15: Non m'metel la devan pòt la, m' metel pal o m'vann lo 10 goud, 15 goud, 25 goud mamit

Tim: Ok

#15: M'metel la paske lèw leve lem maten timoun yo nan menw responsab yo fòw ba yo yon bagay ou gen yon bagay pou fè kanmèm fòw gen yon bagay pou kenbe.

Tim: Dakò, ok 17 ?

#17: Aa, mwen menm lèm pa jwenn pwason an mal nan mache a mache regim bannann regim fig m'kase yo m'lote yo m'fè lo 50 goud lo 100 goud mwen vann pou'm ka bay timoun yo.

### 15 Minit

Tim: Achte isit?

Piblik: Wi, nan mache a.

Tim: Ok.

Gana: Sim konprann byen pifò nan nou apre pwason an nou fè lòt kwas?

Piblik: Wi.

Gana: Ok nou fè lòt bagay men ki kote mwen remake gen anpil nan nou ki konn al jeremi al lòt kote al vann, ki kote nan ki zòn nale nou vann plis?

Piblik: Nan vil la, nan mache jeremi a, nan mache pwason.

#17: Mal sou waf jeremi an lèm pa fin vann sou waf la mw antre anndan mache a.

Gana: Ki nimewo, ki nimewo'w ?

### Tim: 16

#17: Nimewo 17

Tim: 17

Gana: Ok, savledi ee madam ou menm se se sou waf la w'vann plis ?

#17: Wi sou wwaf la m'konnn vann plis.

Gana: E ou menm madam 16 ?

#16: Anndan mache a m'vann.

Gana: Savledi nan mache pwason an menm ?

#16: Anndan mache a.

Gana: Donk nou pi fò la a se moun ki konn al vann jeremi?

Piblik: Wi.

Tim: Kounye lèw gen kòb nan menw wachte pwason an pi ba pri?

Piblik: Wi depi'w gen kòb nan menw w'chtel pi meyè pri, depi'w pay yon pri yo pa ban mwen'l m'kitel.

Tim: Men kounye a ok, ou pa gen kòb ou pran'n ?

Piblik: Depiw pa gen kòb ou rete konsa.

Tim: Ou pran nan men mariw ?

Piblik: Wi.

Tim: Men kounye lèw gen kòb?

#17: Wachte nan men tout moun.

Tim: Ok, men lèw pa gen kòb ou pa nan achte nan men tout moun?

Piblik: Ou pa nan anyen di tou wap gade, e jew kab gade ou gade[Tim ri aaa] komès la ou kwaze ponyèt ou, **ou kwaze ponyèt** ou paka di anyen ou bèbè **jew ap gade ou paka di anyen**.

Natacha: Ki avantaj nou jwenn nan vann pwason ki pwofin tire **ladan** ?

#17: Sak fèw vann pwason gende lè 'w pa gen 50goud pouw achte, vann ou vann li ou jwenn moso ou bay pitit ou mange.

Tim: Men èske pwason an pi bon mache pou ou èske se pi bon komès ?

Piblik: Wi depi genyen , **pa rapo a lot komès**.

Gana: Ki avantaj li genyen pa rapò ak lòt komès ke nou konn fè yo ?

Piblik: Li gen avantaj pase tout lòt komès, avantaj kel genyen li vann pi cho, paske'l vann pi cho, **tout moun bezwen'l li vann pi cho ke tout komès**.

Tim: Paske li vann... ?

Piblik: Li gen avantaj pase tout lòt komès, paske tout moun bezwn'l fò'w manje pwason an depiw genyen moun yo paka manje chèch, gende fwa w'achte yon sak diri ou fè yon mwa avèl de mwa avèl ou paka vann li, depiw met pwason atè pwason poko gen 8 jou ou vann li.

Tim: Menm jou ?

Piblik: Wi menm jou a ou finn vann li menm yon 50goud wap fè, ou te met 3, 4 yon sèl jou a si se pou vann wap gentan fin vann.

Tim:Ok, banm poze yon kesyon, 18 lèw rive pòtoprens avèk sak e pwason sèch ou vann la menm ou byen oblije **rete** ?

#18: Wi gen lòt machann ki gentan prann nan menw.

Tim: Yap pranl nan menw la menm?

Piblik: Wi l'al vann yon lòt kote, lal vann pòtoprens , lal vann anndan mache jeremi an,gen machann ki fèt pou sa menm ki gen pou vin achte nan menw lè'w rive pòtoprens.

Tim: Depiw rive a pwason ou tou vann li?

Piblik: Wi, ou nik fin vann li apresaw desann.

Tim: Ou pa bay kredi ?

Piblik: Non, gende pafwa lè gen anpil machann yo konn achte kredi, ni mange a tou wi, li voye lajan an ba ou, ou gen machann ou pou sa menm lèw ap tounen siw pa fin vann siw rekonèt moun nan.

Tim: Gana.

Gana: Ok, eee mwen pa tèlman gen anpil kesyon non?

Tim: Non

Gana: Ant pwason sale ak pwason, ak pwason frèch sa ki gen plis avantaj ladan'l ?

Piblik: Pwason frèch la, gen moun ki pa manje pwason sale sale a pa bon pou ou . depil sale li ratresi **lèl fre li vann pi byen** .

Tim: Frèch vann pi byen ?

Piblik: Wi li vann pi vit.

Tim: Bann di yo ti bagay gad, si mariw kenbe pwason li vin avèk yo èskew vann avèk lòt dam nan pou kòb ou pap fache ?

Piblik: Non.

Tim: Ou kite'l **vann avèl** ?

Piblik: Wi lap ede'm pote ede lap ede pote.

Tim: E ede'l pote men èske se ou ki pran kòb la oubyen ?

Piblik: Wi li pran kòb la.

Tim: Li pran kòb la ?

Piblik: Wi

Tim: Èske l'ap ba ou ?

#17: Wi lap ban mwen'l.

#18: Wi lap ba ou.

Tim: E sil pa ba ou'l kounya wap fache ?

Piblik: [ri] Sil pa banm tout lap banm ladanl, lap ban nou kanmenm, menm lèl pran on ti bagay ladanl lap ba noul kanmenm. **Menm lèl pran on ti bagay ladanl lap ba noul kanmèm [ri]**

Tim: Èske gen fi bò isi ki envesti ,nan nas ,filè, kannòt ?

Piblik: Wi.

Tim: Genyen, ou konn yon fi ki gen kannòt ?

Piblik: Wi.

Tim: Konbyen ?

#21: M'gen kannòt, m'gen filè

Tim: O, e ou menm ?

#21: M'gen yon ti bwawon tou piti.

Tim: Yon ti bwa fouye?

#21: Wi yon ti bwa fouye

#21: M'te gen 2 bòt lè tan an yo pèdi.

Tim : Tou 2 pou ou?

#21: Tou lè de kraze e la yo te ye lòt bò dlo a la.

Tim: Epi lè yo kenbe pwason yo te oblige ba ou yo tyè, yon pa nan nan ?

Piblik: Wi, **paske nan chak grenn pwason ou gon ka**



Tim : Epi ou menm ou genyen ou te genyen?

#17: M'te gen yon ti youn nan bwawon lè tan an tap vini an mwen te marel nan yon pye bwa li kraze [ri]

Tim: Ok, lèw di ou genyen kiyès ki te, kiyès ki te konn peche nan sa ?

#17: Mari'm peche'l .

**Tim: Epi?**

#17: Nan ti bwawon an mwen gen yon ti bwawon **an marim travay sou li .**

Tim: Ou genyen ? Manmi ou te gen kannot, filè ?

26: M'te gen kannot lontan epa kounye a, m'pa genyen ankò.

Tim: Pa gen senn, pa gen filè ?

26: Non'm pa gen sa yo non.

Tim: Ou menm ou genyen ? Nimewo 5

#5: Wi'm te gen yon ti kannòt wi.

Tim: Ou te gen kannòt?

#5: Wi mwen gen yon ti kannòt wi, e pitit mwen an kap kondi nan kannòt la.

Tim: Men pou li ye?

**20 Minit**

#5: Wi pou mwen.

Tim: Epi ou menm ou genyen? Ki nimewo'w ankò ?

#20: Nimewo 20.

Tim: Ou genyen ?

#20: Non

Tim: Ou genyen, **ou gen** mari ?

#20: Bon'm gen senn.

Piblik: Mari'l gen senn.

Tim: Mari'w gen senn , mari nou tou la gen senn ?

Piblik: Mari'l gen senn mari nou tout la gen senn.

Tim: E ki kesyon nou gen ankò?

Gana: E mwen kwè, m'tap mande, m'te mande yo ki kote yo vann plis, nan ki mache yo van plis ki kote nou ale nou vann plis.

Tim: Nou sot jeremi pi byen.

Piblik: Jeremi nou vann plis, e vil la paske'm te mèt gen yon sak yon pwason, 2 sak m'toujou finn vann li jeremi, isi a la siw gen yon sak ou paka fin vann li, e sèl si pa gen pwason isit la, wap vann li depi genyen lap rete sale.

Tim: Ok, ebyen banm diw sim achte pou 100 dola epi ma di m'ka vann isi, si mache la ak 100 dola m'paka vann li pou benefis non, ou kab fè benefis ?

Piblik: Wi.

Tim: Konbyen siw achte pou 100dola konbyen **ki benefis** wap fè ?

Piblik: Ou ka fè yon 100goud ou byen 30 dola, 50goud tou, e selon mache a, ou ka pa fè di tou

Tim: Menm kantite pwason a siw al jeremi konbyen wap fè?

Piblik: Ou pap ka fè benefis nan 100dola a, li pa gen benefis ladan'l pou ou, li pa avantaj pou ou, fòw tou ale pou'w ka rantre frè a, 1000goud ale retou, fòw dòmi, 2 jou, m'konn fè, 3jou mwen menm.

Tim: Pou vann li ?

Piblik: Wi, 500goud ou konn soti depi dimanch, lè fini ou peye sak pwason an apa, ou peye sak pwason an 500goud fòw ta gen yon kantite pouw ka rantre frè a lè fini pouw chache benefis.

Natacha: E sak fè nou tou rete la bò isi a nou vann pwason an ?

Piblik: Wi.

Gana: Èske nou gen kliyan restoran tankou'm konnen moun ki nan restoran, lè mari'n sot nan lanmè, pwason nou genyen an, nou tou konnen nou gen yon restoran nou tou rele poun vann li

Piblik: Non, lèw gen pwason an yo pa pran tout pwason non, restoran se pwason woz yo plis fasil pran

Tim: Restoran ?

Piblik: Wi, pwason Woz

Tim: Yo pa vle pwason blanch ?

Piblik: Gen restoran ki pran yo, Taza, sa yo pran pwason woz, doron, e yo yo pran yo pa pran lòt bagay, lambi, gen lòt moun ki di yo rèd, gen kèk blan ki ka vin manje, pwason sa yo se pwason woz.

Tim: Yo pa okipe, yo pa pran pwason woz?

Piblik: Yo renmen woz la, nou vann avèk lòt machann.

Piblik: Wi .

Gana: Pa gen nou ki konn al fè demand kòm si pòtoprens, al chèche kliyan?

Piblik: Non.

Tim: Asosiyasyon an pa pale de sa, nou pa pale, asosiyasyon pa pale de kliyan pòwoprens , ki posibilite ?

Piblik: Non

Tim: Èske nou konn mete ansanm pou ale vann kòm si li tap di fò gen anpil pwason pou ale ?

Piblik: Wi nou konn mete .

Tim: Ou konn mete ?

Piblik: 3 machann konn ale ansann 4 machann.

Tim: 3, 4 ?

Piblik: Wi

Gana: Nou ale ansann oubyen se ansann nou peye ?

Piblik: Non, chak moun gen komès pa yo.

Natacha: Lè nou pa pwason an konsa kote nou konsève yo ?

Piblik: Nou sale yo oswa'n mete yo nan solèy.

Tim: Nou pa gen frizè?

Piblik: Non, pa gen sa, nou mete yo nan solèy, lè konsa ou mal pou vann yo, depi yo pran solèy la, yo sale a yo mal pou pran yo, gen moun ki fè tansyon, lè sale a yo vin ret nan men'w, ou pèdi lajan an tou, men sin te gen yon kote, machte pwason an jodi a la pita nou mete'l nan yon frizè li tap avantaj pou nou, nou tap vann pwason an fre, piske nou gen kote, se ak sèl li vin pa bon pou nou.

Tim: Èske'w ka grate kenpòt gwosè pwason ?

Piblik: Wi.

Tim: Tout sale, tou?

Piblik : Wi

Tim: Tout ka sale ?

Piblik: Wi

Tim: Ou gen lòt kesyon, èske moun isi, gen moun isi, kòm si nou dwe konnen yon bagay de komès la, yon bagay enpòtan, kòm si ou sòti yon bagay enteresan, ki enpòtan, ou bezwen, ou di pa gen kote pou mete pwason, si ta gen yon gwo chanm fwad kounye'w te ka sere pwason , lè pa gen lavant ou vann?

Piblik: Wi

Tim: Lè gen lavant, ok èske gen yon bagay ou dwe konnen, ke nou pa panse, ke nou poko prevwa ou konprann sa m'ap di la?

Piblik: Wi, tap toujou gen pwason frè, nou pa tap bezwen de tan zantan moun nan vini la se yon ti pwason sale, a m'pa vle pwason sale a, map manje sale a, sim te gen yon kote pou'n te konsève'l nou tap toujou gen pwason fre.

Tim: Menm èske gen bagay, kòm si ou manke sèl, èske'w manke sitwon?

Piblik: Non.

**25 Minit**

Tim: Èske gen yon lòt pwodwi ki ka ede nou nan sa ou fè nan vann pwason?

Piblik: Pwodwi pou ta ede'm nan sa frizè pou'n ta genyen, **yon chanm fwad pou'n ta mete yo nan iglou.**

Tim: Frizè?

Piblik: Fòn ta gen yon chanm fwad, pou'n mete pwason pou'n ta konsève pwason an, pou'n ta gen iglou

Tim: Iglou'w manke?

Piblik: Wi, nou pa gen sa ditou, machann pa gen ditou.

Tim: Lè'w bezwen ki kote wale?

Piblik: Nou prete nan men moun ki genyen, sil vle prete'w.

Tim: Si'w gen kòb ou vle achte, jeremi ou ka achte?

Piblik: Wi depi'w gen kòb ou ka achte jeremi, tout kote, genyen ki chè, selon gwosè a, genyen 500, gen iglou ki chè wi gen 1500, 2000, 500 e ti bagay ou pot glas, gwo gwo gwo a 2000dola, pou mete mè balawou.

**Tim: Mè balawou**

#17: Nou manke materyo tou.

Tim: Materyo pou pèch?

Piblik: Nou manke materyo, lè nap vann pwason yo se ponyèt nou, nou bagay, nap bagay ti kouto yo twò fèb nou manke ti kivèt la, lèn fè'k achte'l la, nachte pwason nou mete'l sou tèt nou, lè'l fann de bò, epi dlo pwason an benyen'w [ri]Nou pase mizè tout jan fanm nan ap pase mizè anpil, m'tap pote kivèt pwason, m'tap monte mòn, kivèt la fann 2bò sou tè mwen, mezi pwason an vide sou tèt mwen, e tounen'm tounen lakay la ankò wi, tout tèt ou, e lè saw pa fè benefis ou konn al nan mache'w kriye, ou bat yon solèy. Ou bat yon solèy swe lè w'ap vini ou paka achte anyen pot lakay non ou dekouraje ak komès la, ou paka achte menm yon lòt fèy.

Gana: Si nou ta jwenn yon lòt okasyon, ou byen yon lòt chans pou nou ta fè yon lòt komès kisa tap ye?

Tim: Nimewo 5 kisaw tap fè?

#5: Komès ki vann plis se bagay manje.

Piblik: Diri bagay tout bagay nèt, sandal, rad, kilòt soutyen, kounye a medam yo ap met krèm, pafen, vann pèpè tout bagay sa.

Gana: Si'w jwenn chanje komès la nou tap chanje komès pwason an ?

Piblik: Wi, nou te ka chanje'l.

Gana: Ebyen'n pa renmen komès pwason ?

Piblik : Nou renmen'l men sin pa jwenn pou lè pa genyen.

Gana: Tande, m'sot mande nou ant komès pwason an avèk lòt komès sak gen plis avantaj nou di pwason ?

Piblik: Pap janm pa gen pwason, nou pa tap chanje'l menm si te gen lòt komès, non, nou tap toujou kenbe'l menm siw wè kannòt pa bay li pa ale met senn senn fòw jwen **on mamit sadin**

Gana: Non menm nou tout paka pale ansanm n'ap fèl pa nimewo.

Tim: 15, **fin di saw di ?**

#15: **Wi** m'di konsa medam yo di konsa yo prè pou lòt komès, mwen menm si'm ta gen yon lòt komès komès pwason an m'pap janm kite'l.

**Piblik:** M'pap janm kite'l paske se yon komès se mwen ki konn sa'l fè pou mwenn a 5 pitit, **e kanm rive anba kav la e la pou'm kite'l** men savledi pwason s'onw lè konsa ou jwenn pwason, men si'w gen yon lòt biznis w'ap fè 50goud pou timoun yo pa grangou l'ap pi bon pou ou pwason an se yon lè konsa pwason paka fèw pa fè yon lòt biznis gade depi tan pa gen pwason menm pa gen 5 mwa la mpa gen pwason si'n pat gen anyen poun fè kòman'n ta viv, nou gen pitit pou'n bay manje, nou gen pitit nou, nou gen tèt nou pou'n peye kay, nou gen lekòl .

Tim: Savledi ou renmen pwason men ou pa gen pwason tout tan ?

#5: Pa gen pwason toutan

Tim: E 18 **kisa'w gen pou di ?**

#18: **Enben saw wè** medam yo di apa gen pwason tout tan gendefwa'w leve ou jwen yon ti pwason, moun ki genyen'l lan se pa pou menm ki genyen'l, li genyenl pou kont li li pap vann li ,ou menm siw pa genyen lòt komès pou fè avèk pitit paw yo, konsaw w'ap rete, fòw gen yon bagay nan men'w pou kont ou pou jwenm yon lot komès si se...

Tim: Esi yo ka jwenn pwason tout tan èske se pwason sèlmanw tap vann

Piblik: Non, li met yon sak sel map achte, avèk yon sak diri menm sil fè 1an tanzantan pou'n bay timoun yo manje, fòw gen lot bagay walez ak chabon ou mete'l devan pòt lakay ou **ou vann ni**

Gana: Savledi moun **ki viv** ki vann eee tankou nou menm ki nimewo 18 lan ki se pwason'w vann sèlman, nimewo 19, nimewo 8, tankou **li menm** ou menm se pwodwi'w vann ou pa fè lòt komès ?

#8: M'konn vann gende lè mal fè manje **anba la a ki rele zangi**, m'konn al vann manje nan zangi, m'vann manje nan zangi .

Tim: Ou vann manje?

#8: Wi manje kwit nan zangi, on ti bagay ...

Tim: A, avèk lòt moun **ki kenbe**... ?

#8: Lòt moun kap kenbe zangi a yo

Gana: E ou menm ki pa fè anyen an ?

Piblik: Li di'l fè wi, **e pa mwen**... Li di vann kleren, mwen menm gende fwa lèm pa jwenn pwason an mwen koupe bwa'm fè chabon **m'vann**

Gana: Savledi la , ebyen sim konprann byen la nou tout nèt nou fè yon lòt aktivite aprè pwason ?

Piblik: Wi

**30 Minit**

Gana: Paske tale a genyen ki te di ke

Piblik : Men epa lajan nou non lajan eskont m'al nan men manzè sa m'ka prete 500dola, m'bwase'l **e poutan lajan gendwa pase nan men nou**.

Tim: 17, èskew gen kabrit?

#17: Non, map genyen non

Tim: Kochon ?

#17: Tan an touye tout, mpa genyen ditou.

Tim: Ou pa gen jaden ?

#17: wi

Piblik: **Wi**, kounye a nap fè ti jaden nou

Tim: 15 ou gen jaden ?

#15: Kounye a men li poko gen anyen ladan'l

Tim: 15 ou gen kabrit ?

#15: Non m'te gen 25 yo mouri lè tan an

Tim: Ok, e ou menm 18 ?

#15: Youn pa sove.

Tim: 18 ou pa gen menm jaden ?

#18: M'gen jaden men kounya m'fèk ap fè jaden, jaden an te kraze men kounya lap reprann plas li

Tim: Kisa wap plante plis ?

#18: M'mete yanm, bannann, pwa, manyòk.

Tim: Ok, e ou menm 16 ou gen jaden ?

#16: M'pa gen jaden non m'te gen bèt yo mouri.

Tim: Yo mouri men ou te genyen?

#18: Isi grandans, tan an pa kite anyen ditou ditou pou malerèz menm

Tim: Men èske kounya'w gen jaden 5?

#5: kounye a ti jaden an fenk leve wi .

Tim: kisa'w plis plante?

#5: Bannan, fig, bannann po ban.

Tim: Ou menm manmi ou gen jaden ?

Manmi : Wi, kounye a map fè jaden an pandan tan an tout jaden'm yo te fin kraze kounya'm rekòmanse ankò.

Tim: Ou gen, ou gen bèt?

Manmi : Tout bèt yo te mouri lè tan an wi m'pa jwen anyen ditou.

Gana: Tan an e 2 zan'l pral gen la pase tout referans nou fè se a tan an. Tan an e 2 zan li pral gen la wi.

Tim: E ou menm 19 ou pa gen jaden ou pa gen bèt?

#19: M'gen yon ti jaden kounya'm kòmanse ap fèl .



Tim: Kounya ou kòmanse, wap, ki nimewo'w ye ankò?

#31: 31.

Tim: 31, ou gen jaden ?

#31: Kounye a map kòmanse.

Tim: Kounya wap fè jaden epi 20 ou gen jaden ?

#20: Wi kounye a.

Tim: Kounya'w gen jaden [ Vyanm telman che ou paka achte vyann siw pa gen lajan ou pa viv non]

Gana: Savledi aprè tan an nou te gen tan replante ankò ?

Piblik: Wi .

Gana: Se senp ti bagay sa yo ki fè nou gen ti mwayen ?

Piblik: Wi .

Gana: Se sam ta di pase apre tan an...

Piblik: Wi, apre tan an gen ti manje, nap jwenn ti manje nan mache, menm anyen'w pa jwenn nan tè a , nap jwenn ti manje nan mache

Tim: Menm kisa ?

#15: Gendele ou plante tou ou plante yanm nan ou gendwa pa jwenn anyen ladan [ Ou jwenn zokòs] Tèt yanm nan ou te jwenn ou plante a [ Ou pa jwenn ankò] E replante pou replante'l ankò e yo pa donnen

Gana: Ebyen medam nou te kontan pou enfòmasyon yo wi la...

#15: Nou kontan tou wi

Gana: Se anpil enfòmasyon nou jwenn anpil anpil enfòmasyon, m'pa konn siw gen kesyon

Tim ?

Tim: Èske ant jaden lapèch pou nou sak pi enpòtan sak pi enpòtan pou nou ?

Piblik: Tou 2 enpòtan, tou le 2 enpòtan lè 2 bon, gende fwa lapèch, lèw jwenn ti pwason fòw gen manje pou manje'l sou'w gen nan jaden'w , sou'w gen nan jaden'w wannik wale'w fouye...

Gana: Nimewo 16 lan sot di yon bagay ki enpòtan wi Tim ?

#16: Wi, savledi lè moun yo plante jaden an yo ka rekòlte'l sou 6 mwa sou 1 nan, men si pechè a al nan lanmè li pran, sil pa pran tou li ka pa jwenn nou ka pa jwen tou. Depi'l ale'l pran chak jou nou gen kòb na men nou [ Nou gen espwa] Sa nou vann nou kapab rekòlte tou

Tim: Ou ka rekòlte, ou ka plante jaden an ?

#16: Wi, ou ka rekòlte jaden an

Gana: Chachou, ou pa gen enfòmasyon ou te bezwen ... ?

Natacha: M'pa kwè'm genyen non.

Gana: Tim.

Tim: Ok, nou di mèsè wi.

Piblik: Mèsè, mèsè anpil wi.

Gana: Nap remèsye nou anpil wi.

Piblik: Mèsè anpil tou pou kote nou prale a pou'n rive an byen.

Gana: Mèsè pou bon jan enfòmasyon nou ke nou ba nou.

Piblik: Nap di nou mèsè tou pou kote nou prale a pou'n rive an byen .

Gana: Mèsè bokou, antouka enfòmasyon sa nou ba nou la yo trè zenpòtan pou nou.

Piblik: wi

Gana: Sa pèmèt nou vin konpran pi byen komès pwason an li ye ou kouprann ?

#15: Wi.

Gana: Kouman machann pwason an viv sa vreman enpòtan pou nou nou remèsye nou anpil pou sa mèsè m'swete yon pwochèn fwa m'ka pèmèt pase le gen yon aktivite pou nou wè plu zou mwen wè kouman aktivite sa ap dewoule bò isi a dakò mèsè anpil medam .

Piblik: Mèsè bokou

Gana: Ebyen nou remèsye nou nou pral...

34 Minit

FEN

---

<sup>i</sup> Biwo kote yo fè rechèch

<sup>ii</sup> Etidye

<sup>iii</sup> Moun kap chèche konnen

<sup>iv</sup> Ditou